

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan anu judulna “Novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia (*Ulikan Naratologi jeung Romantisme*)” miboga tujuan nganalisis struktur naratif carita jeung aspék romantisme anu aya dina ieu novel. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia nu maluruh struktur naratif (runtuyan naratif, frekuensi, modus, jeung sora naratif) jeung aspék romantisme dina wincikan kaintiman, napsu, jeung komitmen. Tiori anu digunakeun nyaéta tiori Gérard Génété jeung tiori cinta segitiga Robert J. Sternberg. Méthode anu digunakeun nyaéta déskriptif analisis kalawan téhnik talaah pustaka.

Struktur naratif carita anu nyampak dina ieu carita nyaéta runtuyan naratif, frekuensi, modus, jeung sora naratif. Runtuyan naratif anu aya dina ieu novel nyaéta anakroni analepsis (*flashback*) jeung prolepsis (*flashforward*), carita mangsa katukang anu jadi dominasi jalanna carita dirojong ku kajadian sanggeus ngaguar ingetan saacanna. Data nu kapanggih dina runtuyan naratif aya 51 data dina bentuk tabél sangkan leuwih singget tiap épisodena. Pola narasi carita dina runtuyan naratif nyaéta tengah-mimiti-ahir. Frekuensi naratif anu kapanggih aya 7 data frekuensi pengulangan ngawengku narasi-narasi ngeunaan tokoh utama anu perilakuna ngahuleng jeung ngalamun dina épisode 3-5 ngarojong kana pokus utama kajadian mangsa baheula balukar gering batin, salah sangka, dihianatan tokoh séjén, jeung gering pikir tokoh utama Anggina. Modus naratif atawa fokalisasi anu kapanggih aya 20 data fokalisasi internal jeung eksternal posisi narator salaku panitén jeung nepikeun naon nu dipikiran jeung dirasa tokoh utama nu teu bisa dipikanyaho tokoh séjénna nu aya dina carita. Sora naratif anu nyampak dina novel aya 6 data ngawengku

Aspék romantis nu kapaluruh tilu tokoh nyaéta Anggina, Jéy, jeung Langga nu jadi pokus utama, panalungtik ngarujuk kana palaku utama lalaki jeung awéwé. Aspék romantisme ieu ngagunakeun tiori cinta segitiga Robert J. Sternberg nyaéta

kaintiman, napsu, jeung komitmen. Dumasar kana hasil analisis nyampak 33 data sakabéh aspék romantisme, aspék mimiti kaintiman kapedar 14 data ngeunaan paripolah palak antara palaku Anggina jeung Jéy nu mindeng kacaritakeun méré waktu ka nu dipikacinta, rasa émpati ka jalma nu dipikicinta, komunikasi nu sapaham jeung sajalan ka jalma anu dipikacinta anu kagambar dina narasi-narasi ieu novel. Aspék napsu/ gairah kapanggih 14 data anu kapaluruh dina sababaraha cutatan nu kagambar dina novel miboga pangaruh cinta leuwih gedé, kitu deui dina larapna digambarkeun ngaliwatan paripolah palaku Anggina jeung Jéy silih teuteup, paantel leungeun, cinta, jeung miboga hal nu dipikahayang ka jalma nu dipikicinta. Aspék komitmen kapanggih 5 data anu kapaluruh ngeunaan komitmen Jéy ka Anggina pikeun ngajalankeun ka kahirupan rumah tangga jeung papada satia keur ngasuh lima budak asuh nu diurus ku Anggina.

Kacindekan dina ieu panalungtikan struktur naratif jeung romantisme dina novel *Kalangkang Japati* karya Aam Amilia miboga struktur naratif carita nu lengkep, sanajan sababaraha transisi épisode nu kurang tambahan panyambung carita nyieun pamaca kudu leuwih taliti deui dina maham kana maksud runtuyanna, basa nu digunakeun ragam loma, sanajan aya saeutik anu kamalayan (Sunda-Inggris). Aspék romantis antara palaku utama ieu anu ngahirupkeun jalan carita ieu novel jeung ditutup ku carita nu nyieun bungah atawa *open ending*.

5.2 Rékomendasi

Aya sawatara rékomendasi anu ditepikeun ku panyusun, pikeun panalungtikan dina widang sastra kahareupna. Pikeun panalungtik nu museur kana ulikan sastra dipiharep bisa ngaguar pasualan anu ambahanna leuwih lega jeung ngagunakeun tiori nu séjén dina pamarekan nu nyoko kana panalungtikan strukturalisme jeung romantisme. Dina ngaguar aspék romantisme kudu ngagunakeun dadasar tiori psikologi sastra pikeun ngajembaran deui wincikannana. Sangkan panalungtikan sastra kahareupna leuwih hadé, bisa milih ulikan anu saluyu jeung tiori dina panalungtikan kasusatraan.

Ramzi Shobaruddin, 2025

NOVEL KALANGKANG JAPATI KARYA AAM AMILIA (Ulikan Naratologi jeung Romantisme)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu